

## LOJMAN



### CHÈLTÈ (ABRI) ANNIJANS

Si w ap chèche **chèltè (abri) annijans**, tanpri sonje metòd pou w gen aksè ak chèltè (abri) annijans lan depann sou sitiwayon ou:

- Èd Annijans (Emergency Assistance, EA) se pou **fanm ansent oswa fanmi ki gen timoun**. Aplike nan Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè (Department of Housing & Community Development, DHCD) a nan biwo rejyonal DTA a (pa egzanp 1010 Mass Ave). Ou ta dwe rive avan 8 am si w bezwen jwenn yon kote nan menm jou an epi pote afè ou yo ansanm ak papyè ki di w pa gen kote pou dòmi aktyèlman (pa egzanp yon avètisman degèpisman). Si yo refize ou, ou ta dwe mande pou w depoze yon dosye apèl sou plas. Pou jwenn plis eksplikasyon:

<https://bit.ly/36rWirm>

- Si ou bezwen abri (chèltè) poutèt **vyolans domestik**, ou ta dwe rele liy asistans Safelink lan: 1-877-785-2020 pou jwenn plis enfòmasyon sou kabann ki disponib yo.
- Si w se yon **granmoun k ap viv pou kont li**, tanpri konsilte lis chèltè (abri) Kowalisyon Massachusetts ak pwosedi pou w aplike a nan: [www.mahomeless.org/get-help](http://www.mahomeless.org/get-help)

### LOJMAN BON MACHE

Si w ap chèche **lojman bon mache**, premye etap lan se pou ranpli aplikasyon CHAMP lan pou lojman piblik nan Massachusetts (<https://bit.ly/2UiFa1z>) ansanm ak pre aplikasyon Seksyon 8 lan (<https://bit.ly/3eRN77j>) pou jwenn yon bon. Tanpri n ap fè w konnen ou kapab rete sou lis datant lan jiska 10 lane.

Si w deja genyen yon bon, ou kapab konsilte lis BHA's lan pou wè si gen **apatman disponib** nan menm pwopriyetè prive yo (<https://bit.ly/35pMDSH>) epi fè rechèch pou jwenn debouche sou [www.gosection8.com](http://www.gosection8.com).

Yon fason ki pa garanti men ki rapid pou jwenn yon lojman se enskri nan yon **tiraj lojman**, w ap jwenn sou sitwèb Vil Boston an: [www.boston.gov/metrolist/search](http://www.boston.gov/metrolist/search)

### PWOGRAM RAFT

Ou dwe kalifye pou **pwogram RAFT** lan tou, ki bay èd finansyè akoutèm ak fanmi ki gen risk pou tounen sanzabri. Pou aplike pou finansman RAFT lan, ranpli yon fòm evalyasyon Sant Edikasyon Konsomatè sou kesyon Lojman (Housing Consumer Education Center, HCEC) lè w rele nan 1-800-224-5124 oswa fè rechèch yon ajans rejyonal sou: [www.masshousing-info.org](http://www.masshousing-info.org)